



Èske FIDA Bon pou Mwen?

Repons Rezo Endepandan pou
Defans Konsomatè bay sou pwogram
Avantaj Doub ki Konplètman Entegre
nan Nouyòk

**Community
Service
Society** | Fighting Poverty
Strengthening
New York



I C A N
Independent
Consumer Advocacy
Network

Men kijan pou w itilize bwochi sa a

Ou mèt li bwochi sa a depi nan kòmansman si ou pa konnen kisa FIDA ye.

Ou ka itilize Tabmatyè a tou pou al dwat nan kesyon ki konsène w lan.



Si gen yon bagay ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou li oswa gen yon bagay ou pa konprann, ou ka toujou rele ICAN nan **(844) 614-8800**.

Tabmatyè





Kisa FIDA ye?	5
Poukisa gen FIDA?	6
Nan ki sans FIDA pa menm ak sa m gen kounyeya?	8
Avèk FIDA ou se priyorite.	10
Èske m ka anrejistre nan FIDA?	12
Èske FIDA bon pou mwen?	14
Kijan pou m antre nan FIDA?	15
Lè w ap chanje soti nan MLTC pou ale nan FIDA	16
Nou ka ede w deside si pou antre oswa si pou pa antre nan FIDA.	17
ICAN ka ede ou.	18



I C A N

Independent
Consumer Advocacy
Network

Avèk FIDA ou jwenn tout kouvèti swen medikal ak swen alontèm yo nan yon sèl plan





CHRIS LEE
ID#1234567890

Kisa FIDA ye?

FIDA vle di **Avantaj Doub ki Konplètman Entegre (Fully Integrated Duals Advantage)**.

FIDA se yon nouvo kalite asirans sante. Se sèlman moun ki gen toulede, Medicare ak Medicaid, ki ka genyen l.

FIDA se yon mwayen pou w resevwa tout swen medikal ak swen alontèm ou atravè yon sèl plan asirans sante.

Yon plan FIDA kouvri tout sèvis w ap resevwa kounye a.

FIDA vle di:

- yon kat
- yon nimewo telefòn
- yon konpayi ki responsab pou tout swen sante w yo

Poukisa gen FIDA?

Pafwa moun ki gen Medicare ak Medicaid konn gen difikilte pou yo resevwa bon kalite swen sante.

- Li ka difisil pou jere diferan plan asirans.
- Pafwa doktè ak pwofesyonèl swen sante yo pa pale youn ak lòt. Poutèt sa, yo ka fè tès ak pwosedi ki pa menm nesèsè.
- Si w gen pwoblèm avèk asirans sante w la, li ka difisil pou konnen kiyès pou rele.
- Menm avèk Medicare ak Medicaid, pafwa ou oblije peye pou sèvis yo.

Avèk FIDA, avantaj yo pi bon lontan pase sa.




Ranplase plizyè plan sante avèk yon sèl plan FIDA.

Moun ki gen Medicare ak Medicaid gen plizyè kalite asirans diferan ki kouvri diferan bagay.

Pa egzanp, ou ka gen Original Medicare (kat wouj, blan ak ble w la) pou ale kay doktè ak ale nan lopital. Men w gen yon plan Medicare Pati D tou pou medikaman sou preskripsyon. Gen kèk moun ki gen yon plan Medicare Advantage ki kouvri sèvis doktè, lopital ak medikaman pou yo. Si w bezwen èd avèk aktivite w fè toulejou, alèkile ou ka gen yon plan Swen Kontwòl Alontèm (MLTC) tou. Epi apresya gen Medicaid ki kouvri kèlkeswa sa ki rete a.

Avèk FIDA, w ap gen **yon sèl** plan ki ranplase tout kalite asirans diferan sa yo. FIDA ap kouvri tout sèvis w ap resevwa kounye a.

Sa se chwa pa ou si pou antre oswa pa antre nan FIDA.



Nan ki sans FIDA pa menm ak sa m gen kounyeya?

- **Sèlman yon kat asirans.**
- **Sèlman yon rezo pwofesyonèl swen sante**

W ap jwenn tout sèvis Medicare, Medicaid ak sèvis swen alontèm ou yo nan yon sèl plan, ki gen ladann asirans medikaman Pati D.

FIDA kouvri tou kèk sèvis espesyal ke ou te ka pa t jwenn oparavan, tankou amenajman nan kay, transpò ki pa gen rapò ak swen medikal, konsiltasyon adomisil doktè fè, ak sèvis pou ede w soti nan yon etablisman ki bay swen enfimye pou antre nan kominote a.

- **Ou pa peye anyen. Avèk FIDA, tout swen w yo gratis.**

Si w gen revni anplis (spend-down) pou Medicaid, se pral toujou responsabilite w pou w peye revni anplis sa a si w enskri nan FIDA. Men plan FIDA a p ap chaje okenn kopeman, franchiz oswa li p ap koute w okenn lajan k ap sot nan pòch ou.

- **Nan FIDA, w ap fè pati yon ekip ki pou ede w pran desizyon sou swen sante w.**

Toudepann de sa w prefere pèsònèlman, ekip sa a ka gen ladann nenpòt manm fanmi ouwa zanmi w ki pou ede w, doktè w ansanm ak responsab swen w nan plan an.

- **Si gen yon pwoblèm avèk sa asirans lan kouvri, FIDA itilize yon senp pwosedi reklamasyon apèl pou tout sèvis yo.**

Pwosesis apèl regilye pou Medicare Pati D a, jere reklamasyon apèl ki konsène refi yo bay pou medikaman sou preskripsyon yo, separeman.

Sèvis medikal ou yo pral kontinye pandan pwosedi reklamasyon apèl yo.

- **Si w chanje lide w konsènan FIDA, anjeneral ou ka retounen nan asirans ou te genyen anvan an.**



Avèk FIDA ou se priyorite.

Lè w antre nan FIDA, ou pral gen yon **Responsab Swen**. Responsab swen sa a pral vizite w omwen de (2) fwa nan yon ane epi l pral ede w resevwa swen w bezwen an. Ou ka rele responsab swen w lan nenpòt lè ou gen yon kesyon oswa yon pwoblèm.

Ou ka chwazi gen yon **ekip swen entèdisiplinè (oswa IDT)**. IDT w la gen ladann ou menm, Responsab Swen w lan ak nenpòt lòt moun ou chwazi. Pa egzanp, li ka gen ladann yon zanmi oswa yon manm fanmi, doktè w la, oswa oksilyè adomisil, terapet ou oswa lòt moun.

IDT w la fè reyinyon omwen defwa pa ane pou diskite sou pwoblèm medikal ou ak nenpòt sèvis

sante ou kapab bezwen. Pa egzanp, nan reyinyon IDT a òganize regilyèman an, ou ka fè ekip swen w lan konnen si w santi w sèl.

Doktè w la ka konseye w pou ale nan yon pwogram Swen Lajounen pou Adilt (Adult Day Care). Ekip la ka otorize sèvis sa a, si ou menm ansanm ak ekip swen w lan dakò sou sa. Si ekip swen w lan deside ou bezwen l, plan FIDA w la dwe ba ou li.

Plan FIDA a ka menm kouvri sèvis ke Medicare oswa Medicaid pa kouvri jeneralman, depi IDT w la apwouve l.

IDT w la prepare yon dokiman ki rele **Plan pou Sèvis ki Santre sou Yon Moun (Person Centered Service Plan, PCSP)**. PCSP w la fè lis tout objektif pou sante w yo ak tout sèvis ou pral bezwen pou rive atenn yo.

Sa se chwa pa ou si pou gen oswa pou pa gen yon IDT. Gen kèk moun ki pito antre an kontak dirèkteman avèk Responsab Swen yo a.



Èske m ka anrejistre nan FIDA?

Se pa tout moun ki elijib pou anrejistre nan FIDA. Si ou vle anrejistre ladann, pwogram Medicaid ou a pral verifeye si w elijib pou sa. Sa yo se kesyon yo pral poze w:


1. Èske w anrejistre nan Medicare aktyèlman?	☐ wi ☐ non
2. Èske w anrejistre nan Medicaid aktyèlman?	☐ wi ☐ non
3. Èske aktyèlman ou gen yon oksilyè adomisil, èske w ale nan yon pwogram lajounen pou adilt oswa èske w rete nan yon etablisman ki bay swen enfimyè?*	☐ wi ☐ non
4. Èske w rete nan Vil Nouyòk (NYC) oswa nan konte Nassau, Suffolk oswa Westchester?	☐ wi ☐ non
5. Èske w gen 21 lane oswa plis?	☐ wi ☐ non

Si w reponn WI pou TOUT kesyon ki anwo yo, ou ka anrejistre nan yon plan FIDA.

* Epitou sa a konsène moun ki resevwa sèvis swen enfimyè prive, sèvis Asistans Pèsonèl Kliyan an Dirije, sèvis CHHA alontèm, ak moun ki nan pwogram dispans NHTD a. Moun ki resevwa sèvis ki okipe granmoun lajounen oswa sèvis menaje sèlman, pa kalifye pou FIDA. Rele ICAN si ou gen kesyon sou nenpòt nan sèvis sa yo.

Si ou reponn “Wi” pou tout kesyon yo, rele nou kanmèm.

Gen yon ti kantite egzanpsyon, menm si w te reponn “wi” pou tout kesyon sa yo. Rele ICAN nan (844) 614-8800 pou jwenn plis enfòmasyon.



Èske FIDA bon pou mwen?

FIDA pa bon pou tout moun.

Afè chanje asirans sante se yon gwo desizyon. Sepandan anvan w pran desizyon sa a, reflechi byen sou bagay sa yo:

- FIDA ranplase prèske tout asirans sante w genyen deja yo.
- Sèl kote w ap kapab ale se kay doktè, nan lopital ak kay lòt pwofesyonèl swen sante ki travay avèk plan FIDA w la.
- Kwake w ap toujou gen Medicare ak Medicaid, ou pral resevwa benefis sa yo atravè plan FIDA w la, kidonk ou p ap ka itilize kat Medicare ak Medicaid ou yo ankò. (Ou dwe toujou konsève kat ou yo!)

Anvan w antre nan FIDA, ou fèt pou chèche konnen repons pou kesyon sa yo:

- Èske doktè w genyen aktyèlman yo aksepte FIDA?
- Èske FIDA kouvri medikaman w ap pran kounye a?
- Apade Medicare ak Medicaid, èske w gen kèk lòt asirans sante? Pa egzanp, yon sipleman Medigap, oswa asirans ansyen anplwayè w oswa sendika w la ba ou?

Kijan pou m antre nan FIDA?

Si ou deja genyen MLTC, MAP oswa PACE, ou ka senpleman antre nan FIDA lè w rele NY Medicaid Choice nan **855-600-3432**. Si ou renmen konpayi k ap ba w asirans sante kounye a la, ou ka toujou antre nan yon plan FIDA ke menm konpayi sa bay. Oswa ou ka rele ICAN pou l ede w chwazi ki konpayi k ap travay pou ou pi byen.

Si se pou lapremye fwa w ap eseye jwenn sèvis swen Medicaid yo alontèm, ou pral bezwen jwenn otorizasyon nan men **Conflict Free Evaluation and Enrollment Center** (CFEEC) anvan ou antre nan FIDA. Epi ou dwe chwazi nan kiyès nan plan FIDA yo ou vle antre. W ap jwenn sèvis FIDA yo nan plizyè konpayi diferan (toudepann de konte w ap viv la). ICAN kapab ede w chwazi yon plan FIDA ak montre w kijan pou enskri. Depi w pare pou enskri, rele NY Medicaid Choice. Li pa nesesè pou plan FIDA a evalye w anvan ou enskri.

Rele NY Medicaid Choice nan 855-600-3432 pou anrejistre nan FIDA. NY Medicaid Choice se konpayi ki ede moun antre nan FIDA. Yo louvri soti lendi pou rive vandredi, depi 8:30am jiska 8:00 pm, ak jou samdi depi 10:00 am jiska 6:00 pm.

Lè w ap chanje soti nan MLTC pou ale nan FIDA

Gen kèk ki deja ap jwenn swen alontèm yo atravè yon plan swen Medicaid administre, tankou yon plan MLTC, MAP oswa PACE. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kalite plan diferan sa yo, revize bwochi nou an **Kisa MLTC ye?**

Definisyon

MLTC: Swen Alontèm Medicaid Administre

MAP: Medicaid Advantage Plus

PACE: Pwogram ki Enkli Tout Swen pou Moun Aje (Program of All-Inclusive Care for the Elderly)



**Medicaid
MLTC**

CHRIS LEE
ID#1234567890



MAP

CHRIS LEE
ID#1234567890



PACE

CHRIS LEE
ID#1234567890

Si ou deja genyen MLTC, ou ka chanje l pou pran FIDA. Gen kèk bagay ou dwe konnen lè w ap chanje soti nan MLTC pou pran FIDA:

- Nouvo plan FIDA w la dwe kontinye kouvri menm sèvis ou te deja ap resevwa nan plan MLTC w la pandan 90 jou.
- Nouvo plan FIDA w la dwe pèmèt ou al kay menm doktè, menm ajans pou swen adomisil ak lòt pwofesyonèl swen sante ou konn abitye wè yo pandan 90 jou.
- Si w rete nan yon etablisman ki bay swen enfimye, plan FIDA w la dwe kontinye kouvri sèvis yo pandan sejou w la pou tout tan ou nan plan an.
- Si w ap resevwa sèvis sante konpòtmantal, plan FIDA w la dwe kontinye kouvri sèvis sa yo avèk menm pwofesyonèl swen sante yo pandan dezan omaksimòm.

Nou ka ede w deside si pou antre oswa si pou pa antre nan FIDA.

ICAN se yon gwoup konseye ekspè nan domèn asirans sante, ke w ka pale avèk yo nan telefòn oswa fasafas. Sèvis nou bay yo gratis, konfidansyèl epi yopagen rapò ak okenn lòt plan asirans sante.

Si ou deside FIDA **pa** bon pou ou, nou pral ede w kenbe asirans ou genyen aktyèlman an.

ICAN ka ede ou.

Nou ka:

- **Reponn kesyon w genyen** sou FIDA.
- **Ba w konsèy** sou opsyon plan yo.
- **Ede w anrejistre** nan yon plan MLTC oswa FIDA.
- **Idantifye epi rezoud pwoblèm ou genyen** avèk plan w lan.
- **Nou ka ede w konprann dwa w yo.**
- **Ede w soumèt plent** ak/oswa doleyans si w pa kontan avèk aksyon yon plan.
- **Nou ka ede w fè yon demann pou apèl poutèt yon aksyon ou pa dakò avèk li.**

Rele nan **844-614-8800**.

Si w gen difikilte pou tande oswa pou pale, ou ka itilize sèvis Relè NY la lè w konpoze **711**.

Imèl **ICAN@cssny.org**



PA TELEFÒN



EKSPLIKE



RANKONTRE

ICAN ka ede ou.



SOU PAPYE



AN PÈSÒN



TRADUI



633 Third Ave.
New York, NY 10017
(212) 254-8900
cssny.org



I C A N

**Independent
Consumer Advocacy
Network**

(844) 614-8800
icannys.org

ICAN se yon pwogram Community Service Society of New York e se Leta Nouyòk ki finanse l. Kèlkeswa opinyon, rezilta, bagay yo jwenn ak/oswa entèpretasyon enfòmasyon ki nan bwochi sa a, se responsabilite CSS e yo pa nesesèman reprezante opinyon, ni entèpretasyon e ni règleman Leta a. Se Imaginary Office ki fè konsepsyon an. Aktyalize nan mwa out 2017.